

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh sacara umum pikeun ngadéskripsikeun struktur carita jeung semiotika dina novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi, ogé maluruh implikasina pikeun alternatif bahan pangajaran maca novel di SMA. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode *déskriptif-analitik*, kalayan téhnik studi pustaka.

Tina hasil panalungtikan nu dipedar dina bab IV, bisa dicindekkeun yén novel *Tembang Kamelang* diwangun ku unsur struktur (téma, fakta carita, jeung sarana carita) jeung unsur semiotika (ikon, indéks, jeung simbol).

Téma ieu novel nyaéta kabudayaan, nu ngalalakonkeun budayawan Sunda nu ngamumulé budayana. Ieu novel nyaritakeun kumaha lalakon Mang Sasmita dina nyekel pageuh warisan karuhunna di sagigireun sikep apatis masarakat kiwari kana tradisi budaya Sunda, utamana kana seni Cianjuran. Ieu novel miboga galur mérélé (maju). Carita dimimitian waktu Mang Sasmita keur ngahaleuang sabari ngacapi suling. Harita, mimiti digambarkeun kaayaan tokoh utama dina ieu novel, nyaéta Mang Sasmita, salah saurang seniman Sunda nu pengkuh, hirup basajan, tur masih opén ngajarkeun kasenian Sunda ka barudak. Konflik dimimitian ku datangna hiji lalaki gandang ka Imah Mang Sasmita. Ti dinya, beuki kaciri yén budaya Sunda téh diapilainkeun. Puncak konflikna nyaéta waktu Mang Sasmita gering parna nepi ka tilar dunya. Saacan tilar, Mang Sasmita geus nyaksian incuna, Kinanti, nu geus bisa dipercaya pikeun nuluykeun kaahlian tradisi budaya Sunda.

Aya 21 palaku nu aya dina ieu novel. Hiji palaku utama, nyaéta Mang Sasmita, jeung 20 palaku tambahan. Aya sababaraha watek palaku nu teu kagambar sarta teu remen muncul dina carita. Palaku tambahan kabagi dua, nyaéta palaku nu marengan palaku utama jeung palaku figuran. Palaku nu marengan palaku utama nyaéta Daman, Nyi Émi, jeung Kinanti. Palaku figuran nyaéta Witarsa, Darto, Marlina, Lény, Bébah, Pa RT, Mang Sukri, Hamdan, wartawan,

Ratih, Bapa Ménak, Déry, asistén bidan, Jalu, Bapa Diréktur Kasenian, jeung Bu Sékertaris.

Ditilik tina géografisna, latar tempat nu aya dina novel *Tembang Kamelang* nyaéta di Cianjur jeung di Jakarta. Ari jumlah latar tempat nu kapaluruh dina ieu novel aya opat belas, nyaéta imah panggung, bangbarung, bale-balé, tengah imah, taman pamondokan, kamar, buruan, tempat bidan Nani, hotél, pajaratan/makam, Jakarta, tempat parkir, jeung bandara. Latar tempat nu mindeng kacaritakeun nyaéta di imah panggung nu aya di Cianjur. Latar imah panggung mindeng kacaritakeun ku sabab pakasaban Mang Sasmita nyaéta ngasuh barudak diajar kasenian di imahna. Aya 28 latar waktu anu ngawengku dalapan belas waktu dumasar titimangsa, jeung sapuluh waktu dumasar durasi. Latar sosial nu aya dina novel *Tembang Kamelang* nyaéta aya dina lingkungan masarakat nu latar sosialna handap jeung luhur. Latar suasana dina ieu novel aya sapuluh suasana nyaéta pikabungaheun, hémeng, pikareuwaseun, katugenah, pikamelangeun, pikaseurieun, pikahariwangeun, pikabingungeun, pikasediheun, jeung pundung. Pangarang ngagunakeun puseur implengan jalma katilukawatesanan.

Nurutkrun eusi novelna, pangarang ngagunakeun opat paribasa, hiji babasan, jeung genep gaya basa, di antarana nyaéta paribasa piluangeun, paribasa paréntah, paribasa pituah, babasan, gaya basa lalandian, rarahulan, ocon, ngomong dua (*ironi*), ngupamakeun, raguman hurunan, jeung ngasor. Gaya basa nu digunakeun lolobana gaya basa rarahulan (hiperbola) jeung paribasa piluangeun.

Salian ti struktur, unsur semiotikana ogé dianalisis. Dumasar hasil analisis, semiotika nu kapaluruh dina ieu novel téh ngawengku tilu belas ikon, 46 indéks, jeung 37 simbol.

Patalina jeung bahan pangajaran, téks carita nu aya dina novel *Tembang Kamelang* bisa dijadikeun alternatif bacaan pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA. Sabab sabada dianalisis, eusi carita dina ieu novel, luyu jeung kritéria bahan pangajaran sarta miboga unsur étika jeung budaya Sunda nu bisa nambahan pangaweruh siswa sarta bisa nyokot hal-hal positif tina ieu carita.

## 5.2 Implikasi

Dumasar hasil tina panalungtikan nu geus dilakonan, aya dua implikasi nyaéta implikasi téoritis jeung implikasi praktis.

### 5.2.1 Implikasi téoritis

Sacara téoritis, ieu hasil panalungtikan bisa nambahan pangaweruh, informasi, jeung élmu ngeunaan kumaha struktur jeung semiotika dina novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi sarta larapna dina bahan pangajaran maca novel di SMA. Lian ti éta, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan référénsi pikeun panalungtikan satuluyna.

### 5.2.2 Implikasi Praktis

Sacara praktis, ieu hasil panalungtikan bisa digunakeun jadi bahan pangajaran maca novel ku guru di sakola pikeun ngaronjatkeun daya nalar jeung kréativitas peserta didik di SMA kelas XI. Lian ti éta, ieu hasil panalungtikan ogé bisa ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh siswa hususna dina basa jeung sastra Sunda.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan, aya sababaraha rékoméndasi nu aya patalina jeung panalungtikan, sakumaha nu ditétélakeun ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan medar ngeunaan struktur jeung semiotika dina novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi nu satuluyna ieu carita novel dilarapkeun jadi bahan pangajaran maca novel di SMA. Ku kitu, dipiharep aya panalungtikan séjén nu medar ieu novel kalawan leuwih jéntré tina aspék nu béda.

Kadua, studi pustaka ngeunaan semiotika novel saeutik kénéh. Utamana dina interprétasi ma'na semiotika. Ku kituna, dipiharep panalungtikan ka hareupna bisa leuwih jero deui maluruh jeung maham semiotika dina ieu novel.

Katilu, ngalarapkeun bahan ajar kudu disaluyukeun tur dimaksimalkeun deui kalayan kréatif, utamana dina nyusun kalengkepan perangkat pangajaran.